ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№186 (22.094) ● 2011 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 5, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цIэ льапIэхэр яфIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм ильэс куэд тьандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм икIи щIэблэр гъэсэныгъэ егъэджэнымрэ егъаруушхуэ зэрырахьэлIэм папщIэ цIэ льапIэхэр яфIэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр

Власовэ Ларисэ Алексей и ихьум - Налшык къалэ округым и «Гимназие №14» муниципальнэ курыт еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэм

Мокаев Лэкъумэн Махьти и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и «курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт интернат школ №10» къэралгъеджапIэм и унафэщIым

Пыл Iууес Хъусен и къуэм - Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и «КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралмэкъумэш академие» профессиональнэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэраледжапIэм и профессорым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэр

Бекъан Марие Мухьэмэд и ихьум - Тэрч муниципальнэ районым щыIэ «Красноармейскэ къуажэ жылагъуэм и курыт еджапIэ» муниципальнэ Iуэхущ1апIэм химиемкIэ и егъэджакIуэм

Золотаревэ Иринэ СультIан и ихьум- Налшык къалэ округым щыIэ «курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ №19» муниципальнэ Iуэхущ1апIэм тхыдэмкIэ и егъэджакIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м
№139-УП

Егъэджакlуэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен цIыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Педагогхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ къыпхуэмылъытэным хуэдизу мыхьэнэшхуэ зиIэ я лэжьыгъэмрэ фIыщIэ зыпылъ я Iуэхумрэ пщIэшхуэ хуэтщIу до мобэ догъэльапIэ нэхъыфIу тлъагъу, нэхъ къэтлъыгъэ гуфIэгъуэзэм ящыщ зыр - Егъэджакlуэм и дунейпсо махуэр.

Iэщlагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ирилажьэхэм я махуэхэм ящыщу ЕгъэджакIуэм и махуэм увыпIэ хэха еубыд, сыту жыпIэмэ цIыхур кьыдэрыхьуэр зригъэхьулIа фIыгъуэ псори Iыхьэ гуэркIэ ехьэлIащ яэыныкъуэхэм и дежи гу лъыдмытэу, ауэ псэемыблэжу егъэджакIуэм зэфIитэжкIэм. Сэ быдэу си фIэщ мэхъу дэ тщыщ дэтхэнэми нобэ нэгъуэщI мыхьуми игукIэ псалъэ гуапэхэр и егъэджакIуэм зэрыхужиIэнур.

Дэ къыдгуроIуэ республикэм и зыужьыныгъэр егъэджэныгъэм кьыдэрыщежьэр, абы кьыхэкIыу ди псэныгъэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а IэнатIэр яIэ идогъэщ икIи абы ехьэлIауэ зыхудогъэвьвж Къэбэрдей-Балъкъэрым и IэнатIэ пэрытхэм егъэджэныгъэр ящыщ щIыным теухуа мурадышхуэр.

Урысейм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэр кьыщагъэщIэрэщIэж мы лъэхъэнэм узыблIэжкI мыхъун кьалэн льапIэщ егъэджакIуэм и IэщIагъэм иIэ пщIэр кьэIэтыным. «Ди школыщIэ» программэр, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IэнатIэр кьэгъэщIэрэщIэжыным хуэунэтIа проектышхуэр зэрагъэзащIэм Iэмал кьет егъэджэныгъэр, абы кьрикIуэкIэр, щIэблэр егъэджэнымкIэ щыIэ Iэмалхэр зыхуэдэу щытыпхьэр дубзыхуну. Къэбэрдей-Балькъэрым иджыпсту щыщIэдзауэ Iуэхуфlхэр кьыщокIуэ егъэджэныгъэм и IэнатIэм мардэщIэхэр кьыщагъэсебэпу зэрыхуежьам.

Быдэу си фIэщ мэхъу егъэджэныгъэм и IэнатIэм хуэгъэзауэ зыхуэдгъэзыжьыж кьалэн инхэм я нэхъыбэм даэзэрыпльэщынур. Абы папщIэ дэ дызыхуеину иннованэ, щэнхабзэ Iэмалхэр, цIыху зэхэщIыкIыр, нэхъыщхьэ дыдэр арщи - зи IэнатIэм псэ хьэлэлкIэ бгъэдэт егъэджакIуэхэр диIэщ. Ди лъэныкъуэкIэ кьапщтэмэ, быдэу жьзоIэ ди егъэджакIуэхэм я Iуэхур дэгъэкIыныжкIэ, абы-хэм жылагъуэм пщIэ щалэныжкIэ республикэм и унафэщIхэм я деж зыри кьыззэрыщыныжнур.

Къэбэрдей-Балькъэрым и егъэджакIуэхэм сигукIи си псэкIи сохъуэхьу узыншагъэ быдэ, екъулIэныгъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ яIэну!

Къанокъуэ Арсенрэ Алиев Ильхамрэ зэдэлэжьэныгъэм зрагъэубгъуну зэгурыIуащ

Баку щIэзэIущIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Азербайджаным и Президент Алиев Ильхамрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ КъБР-мрэ Азербайджанымрэ я зэпыщIэныгъэм дяпэкIэ нэхъри зегъэубгъуным.

КъБР-м и УнафэщIыр яхэтщ махуэрТкIэ щыIэну лэжьыгъэ Iуэхукlэ Баку кIуа урысей лЫкIуэхэм. Къэралым и лЫкIуэхэм я пашэщ Урысейм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ, УФ-м и Президентым и полномочиэ лЫкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Хлопонин Александр.

Къанокъуэ Арсен Баку и щыпэкIуэхэм. 2009 гъэм и мэкъуауэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Азербайджанымрэ я Правительствэхэм Iэ традзауэ щытащ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм щыдзэлажьэным теухуа Зэгурыlуэныгъэм. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрыр хамэ къэралым дэлажьэным теухуа и япэ зэгурыIуэныгъэт. Абы щыгъуэ зэрызэгурыIуахэм лъэныкъуитI зэпыщIэныгъэхэм зрагъэужьащ, ахэр ягъэбыдащ. Псалъэм папщIэ, КъБР-м Азербайджаным сатууэ дищIыр 2010 гъэм США-м и доллар мин 6770,50-рэ и уасэ хъуащ, абы щыщу иригъашэм доллар мин 2782,90-рэ, кьригъашэм доллар мин 3987,60-рэ хуэзэу.

Иджыри лъэныкъуэхэм я мурадиц а зэпыщIэныгъэхэм нэхъри зрагъэубгъуну, инвестицIэ проектхэр зэгъэусэу пхагъэкIыну, Iуэхущ1апIэ зэхуэмыдэхэр щэнхабзэ, егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн, щIалэгъуалэ политикэ, туризм, спорт IэнатIэхэм щызэдагъэлэжьэну, социально-щэнхабзэ гъащIэм и нэгъуэщI лъэныкъуэхэмкIи зызэпащIэным яужь итыну.

Лъэныкъуэхэм я хьэрычэтыщIэ лъэрызехьэхэр зэIущIэнри, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хьыхь щIыналъэхэм я инвестицIэ зэфIэкIхэм бысымхэр щыгъуазэ ящIынри хохьэ мы махуэхэм зэфIагъэкIыну я гугъэхэм.

КъБР-м и Президентымрэ
Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Сабий зэзышэлIэжахэм зэрадэIэпыкъур ирагъэфIакIуэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр кьыдэзыгъкI и органым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэ. Абы Iуэху зэмылIэужьыгъуэ тIощIым щIигъум щыхэпльащ.

ЗАКОНХЭР кьыдэгъэкIынымрэ кьэрал уэхэкIэмкIэ комитетым и унафэщI **Iэщщэ Заур** кьыхилъхьэри, депутатхэр тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьэрал граждан кьулыкъым и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законым халъхьэ зэхьуэкIыныгъэхэм. Законопроектыр ягъэхьэзыращ республикэм и хабзэ мардэхэр федеральнэ законодательствэм зэгъэзэгъыкIынымкIи хуэунэтIа лэжьыгъэм хиубыдэу.

«ФадэхэкIхэр рознирэ сатум зэрыщащэ кьэралым зэрызэблигъэкIым и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектым теухуауэ кьэпсэльащ Экономикэ политикэмкIэ, мылькумкIэ, хьэрычэт Iуэхумкlэ комитетым и унафэщI **Марьяш Иринэ**. Абы кьыщыгъэльэгъуащ фадэхэкIхэр рознирэ сатум щигъэмэщIэну, уеблэмэ иримыгъэщхьэну УФ-м и субъектым унафэ кьищтэну хуит зэращIыр. «Республикэм и законым и проектым фадэхэкIхэр рознирэ сатум зэрыщащэ мардэхэр егъэткIий икIи фадэ щащэну хуит ящ щыIэ щIэр егъэмащIэ», - жиIащ Марьяш Иринэ.

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и автомобиль гъуэгухэмрэ абы щекIуэкI гъуэгу лажьыгъэхэмрэ я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхьуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым щытепсэльыхьым, ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ комитетым и унафэщI **Мэремыкьуэ Сэфарбий** кьыхигъэщхьэхукIащ мы документыр гъэзугм зэрыщызекIуэ щIыкIэр егъэфIэкIуэным, ахэр зыхуей хуэгъэзэным нэхъыбэу зэрызэуэнэтIар. Къапщтэмэ, автомобиль гъуэгуэм ехьэлIа ухуэныгъэу автомобиль къэувыIэпIэхэр кьалыгъэну, автомобиль гъуэгуэр къэгъэсэбэныным и лъэныкъуэкIэ къэрал властым и органхэм яIэ полномочиехэм зрагъэубгъуну, автомобиль гъуэгуэхэр щыIэ мардэхэм тету зехьэныкIэ жэуап зыхьхэр яубзыхуну кьыхалхьэ.

БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ комитетым и унафэщI **Ахьуэхъу Кьанщобий** тепсэлъыхьащ «2012 гъэм муниципальнэ бизнесинкубаторым я лэжьыгъэ кьызэгъэпэщыным трагъэкIуэдэн папщIэ республикэм и муниципальнэ районхэм я бюджетхэм субсидиехэр яхуэхьуным и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектым.

(КIуухур 2-нэ нап.)

ФокIадэм и 30-м щыщIэдзауэ жэпуэгъуэм и 2 пщIондэ Черкесск щекIуэкIа «Кавказ джэгуэхэр» II фестивалым кьрикIуэхэр кьапщытэжащ. Абы щыпекIуауэ кьалъытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэр.

●«Кавказ джэгуэхэр»-2011

КъБР-м текIуэныгъэр кьыхуагъэфащэ

ПСОРИ зэхэту «Кавказ джэгуэхэм» Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм медаль 17 кьыщахьащ, Абыхэм ящыщу 4-р дыщэщ, 6-р дыжьынщ, 7-р жэщщ.

Дыдейхэм къакIэлъэкIуэ медаль 11 (6, 3, 2) зыIэрызыгъэхьа шэшэнхэр, Хэгъэрейхэр ещанэщ (3, 7, 3).

А текIуэныгъэм Iэмал кьыдет 2012 гъэм щыIэну «Кавказ джэгуэхэм» я III фестивалыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щедгъэкIуэкIыну. КьищыныэмыщIауэ, ди республикэм саугъэту кьратынущ спорт-комплесыщIэ зэраухуэну сом мелуани 100-рэ ЩIэнхабзэмкIэ унэ иращIыну сом мелуан 50-рэ.

ХЬЭТАУ Исльам.

Къалмыкъым и сабийхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм фIыщIэ кьыхуащI

Къалмыкъ Республикэм спортымкIэ, туризмымрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министр Пахаленкэ Алексей КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен фIыщIэ кьыхуищIащ «Кавказым и пшэпльхэр» гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэ лагерым Къалмыкъым и сабий зэгухьэныгъэхэм я «Хамдан» 14-нэ фестивалыр щрагъэкIуэкIыныр кьызэрыгъэпэщащ папщIэ.

«ФЕСТИВАЛЫМ и программэ зыубгъуар ягъэзэщIафащ турист базэм и IэнатIэ псоми гуапэу зэрырагъэблагъэм икIи Iуэхуэр екIуу кьызэрызэрагъэпэщам и фIыщIэкIэ. Фестивалым и Iэужьхэр зэрыгъэзэдэжр нобэ ди нэгу щIокI - лагерым зыщызыгъэпсэхуа дэтхэнэ сабийри, Къалмыкъ Республикэм и Iэтащхьэ Орлов Алексей и Iэ зыщIэлъ тхылъ иратри, Къалмыкъ Республикэм и фIыгъуэу кьатыпащ. Дэ щIалэ, ящыджэбз цIыкIуэхэм кьабгъэдэкI хьыбар куэд кьытIэрыхьащ «Кавказым и пшэпльхэр» турист базэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ зэрыхуащIыр кьагъэльагъуэу. Сабийхэм фIы дыдэу загъэпсэхуащ, щIэ куэд зрагъэщIащ икIи я кьарум хэхъуауэ еджэн щIадзэжащ. Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэу зэкъуэшт лъэпкъхэр efIэкIуэну ди гуапэщ. Ди фIэщ мэхъу зэгъуэгъ етхьэжа мы Iуэхур кьытщIэхъуэ щIэблэр дгъэсэн и лъэныкъуэкIэ зэфIэдгъэкIа иужь лэжьыгъэу зэрыщымытыр», - кьышигъльэгъэщI тхыгъэм.

АБАЗЭ Бэлэ,
КъБР-м и Президентымрэ
Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Тезырхэр ящыбгъэпсынщIэ хъуну кьелытэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен акьылэгъу хъуащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 159 статьям и Iыхьэ 2-мкIэ суд зытращIыхьа Дзэмыхь Къ.С., УФ-м и Уголовнэ кодексым и 264 статьям и Iыхьэ 3-м ипкъ иткIэ суд зытращIыхьа Мачнев А.Г., УФ-м и Уголовнэ кодексым и 264 статьям и Iыхьэ 1-м ипкъ иткIэ суд зытращIыхьа Чеченов А.Б. сымэ тралъхьа тезырыр ящыбгъэпсынщIэ хъуну ЯгъэтIысахэм тезырхэр ящыгъэпсынщIэныкIэ комиссэм кьыхилъхьа Iуэхумкlэ.

Урысейм ЯгъэтIысахэм тезырхэр ящыгъэпсынщIэным зэрыщыхэплъэ щIыкIэм теухуа положеним ипкъ иткIэ, зыхуэфащэ документ псори Урысей Федерацэм и Президент Медведев Д.А. хуагъэхьащ зыхуэфащэ унафэ кьищтэн папщIэ.

ХЬЭЩХЪУЭЖЬ Давид,
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и къэрал-правовой управлением ягъэтIысахэм я Iуэхухэм хэплъэныкIэ и секторым и унафэщI.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр йокIуэкI.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

КIуэжыну загъэхьэзырыркъым

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэм дыгъуасэ кьыззритамкIэ, США-м и зауэлIхэр Афганистаным щыIэнуни 2014 гъэ хьуну, а Iуэхум ехьэлIауэ Лиссабон щызэращIыпIа зэгурыIуэныгъэм зыкIи емылытауэ, «Си-би-эс» телеканалым интервью щритым, ар кьыжаIащ США-м и дзэмэ НАТО-м и дзэу Афганистаным щыIэмрэ я унафэщI, генерал-лейтенант Аллен Джон.

2010 гъэм и щэкIуэгъуэм Лиссабон щызэхэтат НАТО-м хьыхь къэралхэм я зэIущIэ. Абы унафэ кьыщащтат 2014 гъэм Афганистаным и дзэр гъэсэным кьищынэмыщIа, Америкэм а къэралым нэгъуэщI кьалэнхэр щимыгъэзэщIэну. А зэIущIэм президент Обамэ Барак щыжиIат Афганистаным и къарухэм я къэрал Iуэхуэр яIэщIэльхьжьи 2011 гъэм щIадзэну. Ар игъэзэщIэным хуэунэтIауэ, США-м мы гъэм Афганистаным кьрешыж зауэлI мини 10. Адрейхэми, кьанэ щIагъэ щымыIэу, 2014 гъэ пщIондэ я лъахэ ягъэзжыну жаIэ.

Арщхьэкlэ, генерал Аллен Джон щыхьэт зытехьэуэр нэгъуэщIщ:

- Дэ дытекIуэну ди мурадщ. Зыхуэдгъэувыжа кьалэнхэр дагъэнщIэу дгъэзэщIэнущ. Куэдым я гугъэщ Лиссабон кьыщащта унафэр дгъэзащIэу, 2014 гъэм Афганистаным дбгынэну, ауэ дэ мы къэралым пIальэ кIыхькIэ дыщыIэну дыкъэкIуащ», - жеIэ абы.

ЩIыхуэшхуэ телъщ

РИА НОВОСТИ хьыбарегъащIэ Iэнатlэм дыгъуасэ кьыззритамкIэ, мы гъэм и щыщхьэIум кьрнубыдэу Белоруссием и къэрал щIыхуэм хэхъуащ процентI 9.6-кIэ икIи фокIадэм и I-м ар я къэралым и сом триллион 13,988-рэ (доллар мелард 2,48-рэ) хьуэ щыгащ.

Белоруссием финансхэмкIэ и министерствэм къыта хьыбарым кьыз эрыхэщымкIэ, мы гъэм и щIыпIэр - щыщхьэIу мазэхэм кьриубыдэу абы и къэрал кIуэцI щIыхуэм хэхъуащ процент 50,9-кIэ. Абы щыщу процент 22-р пIалъэ пIкIыкIэ ящыгъуну хуиту Белоруссием и правительствэм кьищта щIыхуэр. А правительствэр я щэсыпIэу, къэралым и Iуэхущ1апIэхэм кьащта щIыхуэр процент 78-рэ мэхъу.

Щынагъуэнщагъэм папщIэ

Президент хэхыныгъэхэр зэрыщекIуэкIынум кьыхэкIыу, Осетие Ищхьэм игъэмащIащ хамэ къэралхэм кьикIыу я щIыналъэм кьжкIуэну хуитхэр. Ащхуэлэхэм хьубыдащ Урысей Федерацэм щыщхэри.

А республикэм къэрал щIыбэ Iуэхуэзмкlэ и министр Джиоев Мурат и псалъэхэр и тегъэщIапIэу, «ОСрадио» станцым кьызэритамкIэ, къэрал гъунапкъэхэр зэпэущIыну хуитщ Осетие Ищхьэм щыIэ 4-нэ зауэлI базэм Урысейм и гражданствэ зезыхьэу кьулыкъу зыщыщIэхэр, УФ-м и ФСБ-м и къэрал гъунапкъэхьумэхэм я управленэм щылажьэхэр, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэр, Осетие Ищхьэ щыIэ фIагъэувэжу а щIыналъэм щылажьэхэр, я унагъуэ Iуэхукlэ Осетие Ищхьэм кIуэхэр. Министрым кьызэригъэльагъэмкIэ, хамэ къэралхэм кьикIыу я щIыналъэм кьжкIуэну хуитхэр ягъэмащIэ жылагъуэ зэпIэзэрыгъэныгъэмрэ щынагъуэншагъэмрэ хьума хьун папщIэ икIи а Iуэхугъуэхэм законодательствэр зэпэуардыркъым.

Осетие Ищхьэм президент хэхыныгъэхэр щекIуэкIынущ мы гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м. ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм (ЦИК) кандидату итхын идакъым Урысей Федерацэм бэнэкIэ хуитымкIэ и гъэсакIуэ нэхъыщхьэ Тедеев Дзамболэт, абы и тельхьэхэр ЦИК-м теуэу и лэжьыгъэр къызэрызэпаудам къыхэкIыу. ЦIыхуи 150-м нэс зэрыгъэхуа гуфIэ якъуэдият икIэщIыпIэкIэ, екIуэкI зэIущIэр, зэпагъэууэ, Тедеев Дзамболэт кандидату ятхын хуейуэ. Прокуратурэм иубыдащ абдзэр кьызэпызыуда-хэм ящыщу 34-рэ.



■Жэпуэгъуэм и 5 - 6-хэм Новгород Ищхьэ щекIуэкIынущ «Урысей зэкъуэт» 16-нэ промышленно-экономикэ форумыр.

■Жэпуэгъуэм и 5 - 7-хэм зэхэтынущ Ярославль энергетикэмкIэ гъэ кьэс щекIуэкI форумыр.

■1990 гъэм Адыгэ Республикэр къэунэхуащ.

Дунейм и щытыкIэмкIэ meteonovosti.ru сайтым къызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэу махуэм градус 17, жэщым градусиI 10 щыIэнущ.

Планэмэр зыгъэхьэзырыр **ГЪУЩIО Зарифи.**

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

А, сигу, зыIэжьэ, а, си жьэ, зыубыд.

Сабий зэзышэлІэжахэм зэрадэІэпыкъур ирагъэфІакІуэ

(ПэщІэдзэр 1- нэ нап.)

Доклад зышІам кьигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм кьыщызэрагъэпэщ бизнес-инкубаторхэр хъэрычэт Іуэхум щІэуэ хыхьэхэм е а ІэнатІэм зэрыщылажьэрэ зы илъэсым щІимыгъуахэм зэрадэІэпыкъур. Апхуэдэ бизнес-инкубаторхэм я лэжьигъэр кьызэрагъэпэщым щхьэкІэ, щІыпІэ бюджетхэм субсидиехэр хуХах. Абы папщІэ КъБР-м и Правительствэмрэ муниципальнэ районымрэ зыхуэфащэ зэгурыІуэныгъэ зэращылэ. Апхуэдэу щІыпІэ бюджетым кьыхэкІыу мы лэжьыгъэм гъэкІуэдэн хуейщ хъэрычэт Іуэхум зегъэужьыныжкІэ муниципальнэ программэм хуХах ахъшэм и проценти 10-р.

- Законым еубзыху 2012 гъэм бизнес-инкубаторхэм я лэжьигъэр кьызэрагъэпэщын папщІэ республикэ бюджетым кьыхэкІ субсидиехэр зэрырат хабзэхэр, «2012 - 2016 гъэхэм КъБР-м хъэрычэт Іуэху ЦыкІумрэ курытымрэ зыщегъэужьыныр» республикэ программэ хэхар гъэзэщІэным хихьыдзу муниципальнэ районхэм субсидиехэр зэрытрагъашэ методикэр, - кьыхигъэщхьэхуХащ Ахъэхуэ Къанщобий.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкІэ и кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым и гугъу щиІым, ЩэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Рахаев Анатолий** кьыхигъэщхьэхуХащ:

- Законопроектым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыху щхьэхуэхэр, юридическэ ІэнатІэхэр, къулыкъущІэхэр жэуапым щрашэлІэн хуейщ щнхабзэм и хъугъуэфІыгъуэхэр хьумэным, къэгъэсэбэпыным теуха законодательствэр кьызэрызэпаудым кьыхэкІыу.

«Сабийр ипІым папщІэ ар зэзышэлІэжа унагъуэм мазэ къэс зэрыдэІэпыкъу ахъшэр зэрыхуэхахымрэ ар зыхуэдизымрэ я Іуэхуэ КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кьыбгъэдэкІыу кьагъэхьа законопроектым депутатхэр щыгъуазэ ищІащ ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хьумэныкІэ комитетым и унафэщІ **Жанатаев Сэлим**. Абы зэрыжиІамкІэ, иджыпсту апхуэдэ унагъуэу республикэм 31-рэ щыІэщ икІи абыхэм сабий зеиншэу, адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу кьэна сабийуэ 50 япІыж. Сабий кьэс хуэзэу ар щапІыж унагъуэм мазэ къэс сом 4000 ират.

- Дэтхэнэ сабийми хуэзэу ахэр зыпІыж унагъуэхэм мазэ къэс сом 5000 хухахыну, ахъшэм и щІэр зэрехуэхьи елытауэ, республикэ бюджетым и ІуэхукІэ КъБР-м и законым тету, а ахъшэм гъэ кьэс хагъэхъуэну законопроектым кьеГъуэр, - кьыхигъэщхьэхуХащ кьэпсалъэм.

Гу лъытапхьэщ унагъуэхэм щапІыж сабийхэм папщІэ хуХах ахъшэм 2008 гъэ льандэрэ хамыгъахъуэу зэрекІуэкІар. ЗэІуэщІэм зэрыщыжаІамкІэ, сабийм кІэлъыплъ, ар зэк жьауэм щІэт щІыхум мазэ къэс хуХах ахъшэрэ сом мини 5-м нагъсыну я мурадщ.

ЩІалэгъуэлъэм, жьлагъуэ зэгугъэпсыгъэхэм, щІыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я ІуэхуэхэмкІэ комитетым и унафэщІ **Хъащхьэжьэ Татьянэ** зэІуэщІэм хэтахэр щыгъуазэ ищІащ 2011 гъэм и бжьыхь сессием кьриубыдзу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и дежьщІэ ЩІалэгъуалэ палатэр зэлэжьыну Іуэху нэхьащхьэхэм.

Президиумым и зэІуэщІэм зыщыкъэпІа документ псори зыхуэфащэ ведомствэхэм, комитетхэм хуагъэхьащ елэжьыжьи икІи яГэтэрэмыжьи папщІэ. А лэжьыгъэхэр зэфІэкІа нэужь, законопроектхэр КъБР-м и Парламентым и зэІуэщІэм кьыщыхалъхьнущ.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ законхэр кьыдэгъэкІыным хуэгъэзауэ Урысей Федерацэм и адрей субъектхэм я парламентархэм яГэхьэзыра жэрдэм зыбжанэм икІи абыхэм ятеухуауэ зыхуэфащэ унафэхэр кьащтащ.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

КІуэкІуэ Валерий Козак Дмитрий кьрегъэблагъэ.

Къуажэ пхыдзам газыр нэсащ. Ари КІуэкІуэ Валерий и фІыгъщ. *Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Іуащхьэмахуэ куей

Зи гур цІыхубэм езыта

Кулиевым и цІэр зэрихьэу Тырныауз къалэм дэт ЩэнхабзэмкІэ унэм жэпуэгъуэм и 14-м щекІуэкІынущ «Зи гур цІыхубэм езыта» сурэт гъэлъэгъуэныгъэр. Абы куеим и творческэ гупхэр хэтынущ.

ЩэнхабзэмкІэ унэм и лэжьакІуэхэм хьащІэхэм хуаІуэтэнущ республикэм и япэ Президент КІуэкІуэ Валерий Мухьэмэд и къуэм иригъэкІуэкІа политикэ дэжьыгъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьныгъэм абы хуищІа хэлъхьэныгъэмрэ зыхуэдэр.

ФокІадэм и 17 льандэрэ льахэхутэ музейм щокІуэкІ районым и еджакІуэхэм творческэ дэжьыгъэмкІэ я зэпеуэ. Апхуэдэу музейм кьыщызэрагъэпэщащ политик цІэрыІуэм и гъащІэмрэ и Іуэхущ Іафэмрэ теуХуа документальнэ выставкэ.

ДОГУЧАЕВЭ Ранетэ.

● Шэрэдж куей

ЩІымахуэм зыхуагъэхьэзыр

Хуабэрэ уэздыгъэкІэ цыхуэхэр къыззэрнгъэпэщу Шэрэдж районым ит Іуэхущ Іапіэр бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм хуэхьэзыр. ПІалъэм фІмыщу мы щІыпІэм зыхуей щыхуагъэзащ псэуалъэхэр, Іуэхущ Іапіэхэр зэрагъэхуабэ, зэрагъэнэху псори.

АПХУЭДЭУ сэкъат зыгъуэта бжьамийхэр щІыпІэ куэдым щызэрагъэпэщажащ, языныкъуэхэр щІэкІэ щызэрахьуэкІащ. Лэжьыгъэ пыухыкІахэр щрагъэкІуэкІащ Къэщкъэтау, Зэрэгъыж, Безенги, Жэмтхьалэ Ипщэ, Аушыджэр жылагъуэхэм. ЩІэуэ зэрахьуэкІа пкъыгъуэхэм ящыщщ псы щацхъмэ бакхэр, псыр кьезыхуэкІ насосхэр, хуабагъыр кьызэрапщ Іэмэпсымэхэр. Жэпуэгъуэм и 1-м кьыщыщІэдзауэ Шэрэдж куеим кьыщапщытэ Іугъуэр зэрыкІ, газыр зрикІуэ бжьамийхэр, электроЕэмэпсымэхэр.

«ШэрэджхуабэнергО» ОАО-р кьызыхуэтыншэу бжьыхьэм техьа щхьэкІэ, зэхуэмыхьныгъэ щхьэхуэхэр зэдэщІэ ІэнатІэхэри иІащ. Апхуэдэщ кьагъэсэбэпа хуабэм и уасэр щыІах кьудамэр. Мыбы щылажьэхэм зэрыжаІэмкІэ, кьат куэду зэтет унэхэм щыпсэухэм щІыхуэ куэд ятельщ. Унэ зэтетхэр 18 зэрыхьур хэтлтпытэмэ, ар ахъшэ мащІэкъым икІи хэт и дежкІи щЖукъым апхуэдэ щытыкІэм, мы Іуэхущ Іапіэм и лэжьыгъэр лъэныкъуэ куэдкІэ кьызэрилъхьэр. Абыи емыльытагъэ, мы Іуэхущ Іапіэр хущІокъу дэтхэнэ зы унагъуэми я псэупІэхэр хуабэу щІымахуэр зэрырахьыным. Иджыпсту лэжьакІуэхэм щІыхуэшхэр зытелъхэм зыхуаГазэ, чэнджэщ щхьэпэхэр ират.

ШЭРЭДЖ Днсэ.

«Урысей зэкъуэт» партым и унафэщІ Путин Владимир и щІыналъэ жылагъуэ Іуэхущ Іапіэм екІуалІэхэм 2011 гъэм и жэпуэгъуэм къахуэзэнухэр

ХэщІапІэр: Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 48, телефоныр 77-00-40

№№	И унэцІэр, и цІэр, и адэцІэр	Щылажьэ щІыпІэр, и къулыкъур	ЦІыхухэм щахуэзэну махуэр	Зэманыр
1	Щоджэн Николай Зэбит и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ	2011 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м	Сыхьэтыр 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху
	Гелястанов Ахъмэт Жунус и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ		Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
2	Бозий Натбий Мухьэмэд и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ	2011 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м	Сыхьэтыр 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху
	Иваноѳ Иринэ Борис и пхъур	Налшык къалэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкмкІэ и Советым и депутатщ		Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
3	Пархоменкэ Юлие Виктор и пхъур	Щыналъэ политсоветым хэтщ	2011 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м	Сыхьэтыр 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху
	Мэхъуауэ Мулид Хьэсэнбий и къуэр	Партым и Налшык къалэ къудамэм и унафэщІщ		Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
4	КъуэщІысокъуэ Юрий Къадир и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ	2011 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м	Сыхьэтыр 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху
	Марьяш Иринэ Евгений и пхъур	КъБР-м и Парламентым и депутатщ		Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
5	Гюсер Атилла Фэхьми и къуэр	Налшык къалэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкмкІэ и Советым и депутатщ	2011 гъэм жэпуэгъуэм и 17-м	Сыхьэтыр 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху
	Бутерус Рольф Эдвин и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ		Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
6	Урысий Хьэмидбий Хьэжмурид и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ	2011 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м	Сыхьэтыр 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху
	Ахьий Фаинэ Хьэжмурид и пхъур	КъБР-м и Парламентым и депутатщ		Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
7	Бэрсэдж Юрий Мэрем и къуэр	Налшык къалэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкмкІэ и Советым и депутатщ	2011 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м	Сыхьэтыр 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху
	Къумыкъу Іэуес Мухьэмэд и къуэр	Налшык къалэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкмкІэ и Советым и депутатщ		Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
8	Дэш Хьэсэн Іэулэд и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ	2011 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м	Сыхьэтыр 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху
	Соблир Андемыркъан Іэбу и къуэр	Налшык къалэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкмкІэ и Советым и депутатщ		Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
9	Саенкэ Татьянэ Виктор и пхъур	КъБР-м и Парламентым и депутатщ	2011 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м	Сыхьэтыр 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху
	Муравьев Игорь Вячеслав и къуэр	Налшык къалэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкмкІэ и Советым и депутатщ		Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
10	Мэремыкъуэ Сафарбий Хьэбас и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ	2011 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м	Сыхьэтыр 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху
	Уэлджыр Амур Мушэхьид и къуэр	Налшык къалэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкмкІэ и Советым и депутатщ		Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
11	Быф Заур Жэмал и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ	2011 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м	Сыхьэтыр 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху
	Атаманенкэ Юрий Николай и къуэр	Щыналъэ политсоветым хэтщ		Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху

Васильевэ Светланэ Александр и пхъур унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэгъэхьэныным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм фокІадэм и 26-м *Налшык къалэ* *№6/1-5*

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтныжьмкІэ яІэ хуитныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныжьмкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьаІуа Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 20, 22, 26 статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и и Хэхакіуэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2 статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іуэхукіэ» 2003 гъэм щІышІэм и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №21-РЗ-м и 2 статьям, «Сон Александр Александр и кьуэм унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр щхьэщыхьным и Іуэхукіэ» 2011 гъэм фокІадэм и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм кьришта Унафэ №05/1-5-м япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэгъэхьэн Васильевэ Светланэ Александр и пхъур, 1988 гъэм къалэуар, профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыпІэ административацэм и административно-правовой управленэм муниципалитетым и заказэмкІэ и кьудамэм и Іэщ Іагъэлі нэхъыщхьэр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Урысей зэкъуэтым и Щэбэлщэ гвардие» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм и ЩІыналъэ штабым кьиГъэлъэгъуар.

2. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм кьытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

«Урысейм и хэкупсэхэр» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм финанс ІуэхуэхэмкІэ и уполномоченнэ лІыкІуэр тхыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм фокІадэм и 26-м *Налшык къалэ* *№6/2-5*

Финанс ІуэхуэхэмкІэ и уполномоченнэ лІыкІуэр иригъэтхын папщІэ «Урысейм и хэкупсэхэр» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм кьиГъэхьа документхэм хэплъауэ, «Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным и Іуэхукіэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м кьащта Федеральнэ закон №51-ФЗ-м и 26, 35 статьяхэм япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Абазокъуэ Аслъэн СулътІан и къуэр «Урысейм и хэкупсэхэр» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм финанс ІуэхуэхэмкІэ и уполномоченнэ лІыкІуэу тхын.

2. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм кьытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

«Урысейм и патриотхэр» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм хэхыныгъэмкІэ и счет щхьэхуэр кьызэІуихыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм фокІадэм и 26-м *Налшык къалэ* *№6/3-5*

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным и Іуэхукіэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м кьащта Федеральнэ закон №51-ФЗ-м и 65 статьям тету икІи «Урысейм и хэкупсэхэр» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэр хуит щІын хэхыныгъэмкІэ фондыр кьызэригъэпэщын папщІэ хэхыныгъэмкІэ счет щхьэхуэр «Урысейм и Хъумапіэ банк» акционер обществэ зэІуэхам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапіэ №8631-м, 360051, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Пушкиным/КІыщокъуэм я уэрам, 31а-72 хэщІапІэр зиІэм кьыщызэІуихыну.

2. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм кьытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр хэхыныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щезыгъэкІуэкІыну хэхыпІэ участкэхэм я номерхэр зэрызэкІэлъыкІуэкІэ гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм фокІадэм и 26-м *Налшык къалэ* *№6/4-5*

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным и Іуэхукіэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м кьащта Федеральнэ закон №51-ФЗ-м и 26 статьям и пункт 12-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр хэхыныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щезыгъэкІуэкІыну хэхыпІэ участкэхэм я номерхэр зэрызэкІэлъыкІуэкІэ, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу, №1-м щегъэжьауэ №356-м нэсу гъэувын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм чэнджэщ етын кьызэрагъэпэщ хэхыпІэ участкэхэм мы Унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэлъэгъуа номерхэр ирагъэбгьдыпІэну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь Атмурзаевэ И.А. хуэгъэзэн участкэ хэхакіуэ комиссэхэм я мыхъурхэр 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м нэсыкІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэ хэхакіуэ комиссэхэм иритыну.

4. Мы Унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм кьытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм 2011 гъэм фокІадэм и 26-м кьащта и Унафэ №6/4-5-м и гуэдзэн

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр хэхыныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щезыгъэкІуэкІыну хэхыпІэ участкэхэм зэрызэкІэлъыкІуэкІэ, №1-м щегъэжьауэ №356-м нэсу, ират номерхэр

№№	Къалэ округэр, муниципальнэ районэр	Хэхыпіэ участкэхэм я бжыгъэр	Хэхыпіэ участкэхэм я номерхэр
1	Бахьсэн муниципальнэ районым	26	1-26
2	Бахьсэн къалэ округым	16	27-42
3	Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым	25	43-67
4	Лэскэн муниципальнэ районым	11	68-78
5	Май муниципальнэ районым	19	79-97
6	Налшык къалэ округым	102	98-199
7	Прохладнэ муниципальнэ районым	33	200-232
8	Прохладнэ къалэ округым	21	233-253
9	Тэрч муниципальнэ районым	23	254-276
10	Аруан муниципальнэ районым	23	277-299
11	Шэджэм муниципальнэ районым	18	300-317
12	Шэрэдж муниципальнэ районым	18	318-335
13	Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым	21	336-356
	Псори	**356**	**1-356**

Нэхъыжьхэр компьютерым хурагъаджэ

«Нэхъыжьхэр» программэм ипкъ иткІэ, КъБР-м Лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэхэм дистанционнэ егъэджэныгъэмкІэ республикэ центрым зэгъусэу кьыщызэрагъэпэщащ зы ныбжь хэхІуэта цыхуэхэм компьютерым хуезыгъаджэ дерсхэр. Сыхьэт 36-рэ хьу программэр зэхэзыльхьар Центрым и Іэщ Іагъэлі хэрщ.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭР кьызэІуихыным иращІэжа Іуэхугъуэм хэтащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министрым и Іуэхудзэ Къущхьэ Равидэ, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм и департаментым и тхьэмадэ Мэртазэ Залым, Центрым и унафэщІ Кушчетеров Алим.

Зи лэжьыгъэм щІэзыдзэ дерсхэм кьекІуэлІэ еджакІуэхэм я пащхьэ кьыщыщІысалъэм, Къущхьэ Равидэ жиІащ:

Дэ дыхущІокъу купщІэ зыхэлъ ныбжьхэр тынщу зыІэрывгъэхьэф фыхьуну. Мыпху здэ егъэджэныгъэхэм Іэмал кьыват кьэрал Іуэхущ Іапіэхэм яГъэзащІэ «электроннэ» Іуэхутхьэбзэхэм пэгъунэгъу зах эфщІыну. КъищынэмыщІауэ, щІыпІэ жьыкьэхэм щІыпсэу фи благъэхэм, Іыхьлыхэм запыфщІэныкмкІэ, дунейм щекІуэкІхэм щыгъуазэ фах уэхуныкмкІэ мы дерсхэм щызэгъэщІэнуэхэр Іэмалыфщ. ЩхьэкІэлъыкІуэу псалъэ кьищтащ Мэртазэ Залым:

- Ди гъапэ хъунут, - жиІащ абы зи ныбжь хэхІуэтахэм защыхуигъаззэм, - дерсхэр кьызэрыфщыхьхэр дывгъэщІатэмэ. Кьетхьэжьа Іуэхугъуэр псоми махуэ тху зкъуну сыныВохъуэхьу.

ЕГъэджэныгъэм хьихьэну гукъыдэж зиІэхэм лъэІу тхьылъ ятхын хуейщ. Иджыпстуклэ зи лэжьыгъэр зиІэздза дерсхэм щыхуэ 11 йокІуалІэ. Абыхэм я ныбжьыр илъэс 60 - 70-м итщ. Гъэ екІуэжІым кьриубыдэу псори зэхэту кьызэрэгъэпэщакІуэхэм цыху 35-рэ компьютерым хурагъаджэну я мурадщ.

Программэр зэхэзылъхьахэр мэгугъэ зи ныбжь хэхІуэта цыхуэхэм я дежкІэ ар зэгъэшу кьыщІэкІыну. Дерсхэр кьэзыухэм сертификат щхьэхуэ иратынущ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Жэпуэгъуэм и 5-р Егъэджакіуэм и махуэщ

Дунейпсо мардэхэм хуокІуэ

«Къэрал властым лъэкІ псори нщІэнущ егъэджакіуэм и пщІэр жылагъуэм нэхъри къыщыІэта хъун папщІэ, абы къыдэкІуэри есы егъэджакіуэхэми зыхащІэн хуейщ и пщІэ мыхъонэпхуэ зиІэ къалэн къызэрыдэхуэр» - и къэкІэльныгъэхэм ящыщ зым иджыблагъэ къыщыхигъэщащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий. Апхуэдэ псалъэхэр щыхьэт тохьуэ егъэджэныгъэм, абы и «пкъо» егъэджакіуэм ди къэралым гулытэта лъагэ зэрыщигъуэтым.

ЕГЪЭДЖАКІУЭМ и Іуэхуэхэр егъэфІэкІэныным, иІапхъэ, хуэфащэ увыпІэ жылагъуэм щигъуэтыжьным хуэгъэпса мурадхэр зы илъэсКІи зэфІэхэ хъунукъым. Абы къыщыхьащ къэрал программэ хдкаэр. Апхуэдэщ, къащІэтэжэ, илъэс зыбжанэ ГъэнадзэрэекІуэкІ, УФ-м и Президентым кІыхьэкІыхьауэ щыта «ЕгъэджэныгъэІ» лъэпкъ проектыр. Абы къыщыгъэпъэгъуэ унэтІныгъэхэр кІыанэ щымыІэу хуэгъэпсащ егъэджэныгъэ ІэнатІэхэм, абыхэм я Іэщ1агъэлІхэм я Іуэжу дэгъэкІыныгъэ, и гъабжьэр гъэбыдэным, я пщІэр къэІэтыным. Апхуэдэ нкІи нэгъэуэщІ Іуэжу бгъэдыкІыжьІэхэм я фІыгъэкІэ ахъуэу ныбжьыщІэм ират щэныгъэм и фІагъым, ар дунейпсо мардэхэм хуэкІуэ мэхъу. А псом къадэкІуэу гугъущ пхъуМэну цІыхуэхэм игъащІэми къыздекІуэкІ лъапІэныгъэхэр, ахэр къытщІэнуэ щІэблэм гурэ псэкІэ зыхебгъащІэнри Іуэ ху тыншкъым. ЩІэблэм щІэныгъэ куу етыни гъэсэныгъэ екІу хэпху къэгъэтэджынри зи къалэн нэхъыщІхьэм ящыщ щІэл лэжьакІуэхэр. Ди егъэджакІуэхэр хущІокІуэ а къалэн гугъуэхэр тэмэму эзграгъэзэщІэным икІи ныбжьыщІэхэр къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм, творческэ Іуэхуэхэм дегъэкъэхьнымэ, спортым жыдджэру хэпэнми гулытэпэшхуэ хуащІ.

Республикэм щылажьэ егъэджакІуэхэм я бжьыгъэр мин 11-м щегъуэ, абыхэм ящыщу процент 80-м щІэныгъэ нэхъыщхьэ мини 7-м категорие нэхъыщхьэ яІэщ, 200-м нэблагъэм «ЩІыхь зиІэ егъэджакІуэ», 600-м «Курыт щІэныгъэ егъэгъуэтыным щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ» щІэхэр зэрахьэ, 34-м медалэхэрэ орденхэрэ хуагъэфащащ, 47-р щІэныгъэ зэхуэмыдэхэм я кандидатыр.

Къэралми жылагъуэми егъэджакІуэхэм хуащІ пщІэм, гулытэм адэкІи зэрыхэхьэнэм, а ІэнатІэм Іутхэм хуэдэ зэрдэмыдІэхэм адэкІи зэрыпащэхуэм шэч хэтъкъым. Егъэджакіуэ псоми дохъуэжу я махуэщхуэр угъурлы яхуэхъуну, ар ІуэжугъэщІэхэмрэ жэрдэмышІэныгъэхэм я пщІэр хущІэзыгъэкІыу къахэщІэкІынущ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ.

Ди республикэм зыІэригъэхьэ хуЕмышІэныгъэхэм, щэч хэмылъу, ди егъэджакІуэхэм я Іыхьэ ин хэлъщ. АбыкІэ фІыщІэ ин зыхуэфащэ щІыхуэхэм ящыщщ щІэблэр егъэджэныгъэ гъэсэныгъэ зи Іуащ1э куэд хуэзыгъэпса, а ІэнатІэм щІэ хилъхьу, ар егъэфІэкІуэныгъэ лъэныгъэпхуэ зэфІэзыхэ Щоджэн Риммэ.

СССР-м, УФ-м, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ я министерствэхэм я щІыхь гхьытхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэгухьныгъэм, «Ди къэкІуэнур» ЩІэр зэныкъэ дунейпсо псапащІэ фондым, нэгъуэщІ къэрал Іуэхущ1апІэхэми къабгъдэкІ дипломхэр, фІыщІэ тхыльхэр, «2002 гъэм Урысейм и цІыху пажэ», «КъБР-м щІыхубэм социальнэ защІэгъэкъуэныгъэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ льапІэхэр, медалхэр, кІыхуагъэфащэ нэгъуэщІ къэрал дАмыгъэхэри щыкъэІэтэ тохьуэ егъэджакІуэ Іэщ1агъэм, илъэс къэдкІэ зыпэрыта социальнэ ІэнатІэм, мы зэманым зэфІех жылагъуэ Іуэхуэхэм и гуф и пси хилъхьэу Щоджэныр зэрыпэрытам.

Лэскэн куейм хыхьэ Урыс адыгэ жьлэм къыщалъхуащ Щоджэныр. Школ нэхъыбэм ящІэ, ар Іуэхущ1апІэхэмкІэ �къБКъУ-м. 1975 гъэм абы екъуІэнныгъэкІэ къыуахщ хамэ къэралыбзэхэмкІэ абы и къудамэрикІи «инджылзыбзэмкІэ егъэджакІуэ» Іэщ1агъэр игъуэтауэ лэжьэн щыщІидзащ щалъхуа Урыс къуажэм дэт курыт школым. ПсэкІэ къыхиха Іэщ1агъэм зэрырилажьэм гъэкъуэжьыхуэ къритырт Щоджэныр. ЕгъэджэныгъэІэсэныгъэм хэль щэхуэхэм щІэх дыдэу щыгъуазэ хъуащ, зыхьухьа гупми фІыуэ яхэзгъащ. Лэжьыгъэм жьыдджэру, жэуапльныгъэр зыхищІэу пэрыуба бзыльхъугъэ цІыкІум кьызэгъэпэщакІуэ зэфІэкІ зэрыбгъэдэлъым гу лъамытэу къанакьым. Мыгуэву ар еджапІэм щызэхэт комсомол зэгухьэныгъэм, нужькІэ парт организацэм я секретарь хъуащ. А лъэхъэнэм апхуэдэ кьалэнхэр зыхуагъэфащэр дзыхь зрагъэз, пщІэ зыхуащІ щІыхуэхэр. Апхуэдэ щІыхуэ сыт хуэдэ лъэныкъуэкІи щапхъэу щытыхьт хуейт.

Зи цІэр фІыкІэ Іуа егъэджакІуэ гуащІагъэр 1979 гъэм ирагъэблэгъащ Нартыкъэдэт курыт школ №5-м. Ящ1ыкІэ Риммэ егъэдж1эм и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ и къуэдзэ къаІэнЫр ирихьэкІащ, нужькІэ еджапІэм и директору яГъэващ. А къалэнр пщэрыльхкъыщыщащІм щыгъуэ, Риммэ и ныбжьыр ильэс 30-м нэса къудейт. Ауэ зыми щэч къытрихьэртэкъым Щоджэнхэр Хьэсэнрэ Таунрэ япхъу, Хьэсанэ Хьэжмурид ушякІуэу зиІэ Риммэ дзыхь къыхуащІа ІэнатІэр ныкъусаныгъэншэу зэрырихьэкІынум.

Школ унафэщІу зэрыщІэжьа илъэси 4-м кІыриубыдэу, Щоджэным еджапІэр Аруан куейм щыпэрытхэм яхигъэхьащ, республикэм щыІэхьыфІхэм яхригъэбжащ. Школым и гъэсэнхэр щІэрыІуэ зэрырихьэар ябгъэдэлъ, щІэныгъэм и закъуэтэкъым, атІэ абыхэм спортми ехьулІэныгъэфІхэр къыщагъэльагъуэрт, етхуанэ гуащІэдэкІ четвертКІэ зэджэу щыта гъэмахуэ губгъуэ лэжьыгъэхэми щыпэрытт. Сыт хуэдэ кьалэнми пэльэщыфырт ар зи пашэ гупыр. А лъэхъэнэм абы зэтриубла егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ лабжьэ быдэ хуэхъуащ школым икІи нобэр кьыздэсым Щоджэным иІа Іуэху зехьэкІэр, цІыху хэтыкІэр я щапхъэу кьокІуэкІ.

Нэмысышхуэрэ хабзэрэ зыхэльу, лэжьыгъэм и кьыззгъэпэщакІуэ хьэлэмэту, жылагъуэ Іуэхуэхэр жьыджру дзэныгъэкІыфу зыкъэзыгъэльэгъуа бзыльхъугъэ гуащІафІэр, партым и Аруан куейм комитетым и унафэкІэ, 1985 гъэм куейм и гъэзэщІакІуэ комитетым ягъэкІуащ. Абы и пщэ къраль хъащ исполкомым и тхьэмадэм и кьуэдзэ кьалэныр.

А ІэнатІэм сыт щыгъуэ гукьыдэжьшхуэ хуиІэу бгъэдэтащ Риммэ. Абы и лэжьыгъэм кьыззэщІнубыдэ унэтІныгъэхэм ящыщт егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэри, медицинэри, щэнхабзэри, спортри, жылагъуэ згъуэхьныгъэхэри, социальнэ дэІыгъэныгъэри, нэгъуэщІхэри. Жэуапльныгъэ льагэ зыпылът абыхэм ящыщ дзэгъэнэри икІи Риммэ хуэзфІэкІащ ахэр куейм тэмэму щызэтригъэувэну. Щоджэным сыт щыгъуэ игъэнэхэпащ щІэблэм щІэныгъэ етныныр гъэсэныгъэ екІу хэлъхьэныр, щыгтыкІэ гугъуэ ихуа бынунагъэхэм я дзэІэпыкъунымрэ абыхэм щапІ сабийхэм защІэгъэкъуэныгъэр. Лъэпощхьэпо куэд пщІами, а Іуэхуэхэр цІыхуэхэм я сэбэп хэлъу, хабзэм тету кьызэгъэпэщыным и нэІэ тетащ а лэжьакІуэ пэрытым.

Апхуэдэу Щоджэным и цІэр епхащ «Нарт хасэ» къэфакІэ ансамблым и ехьулІэныгъэхэм, авиамодельэ спортІэужьыгъуэм куейм зыщегъэуэкьыным. Аръыдджэру удолэжьащ хабзэхъуэмэ органхэм, жылагъуэ згъуэхьныгъэхэм. Бгырыс бзыльхъугъэ гуащІафІэр и Іуэжь дахэхэмкІэ цІэрыІуэ щыхьащІ Аруан куейм и мызакъуэу, республикэми.

Щоджэнрыр ноби жьыдджэру щыгъуазэ хъуащ, зыхьухьа гупми фІыуэ яхэзгъащ. Лэжьыгъэм жьыдджэру, жэуапльныгъэр зыхищІэу пэрыуба бзыльхъугъэ цІыкІум кьыздэкІуэ. Лэжьыгъэм жьыдджэру, жэуапльныгъэр зыхищІэу пэрыуба бзыльхъугъэ гуащІафІэр, партым и Аруан куейм комитетым и унафэкІэ, 1985 гъэм куейм и гъэзэщІакІуэ комитетым ягъэкІуащ. Абы и пщэ къралъхьащ исполкомым и тхьэмадэм и кьуэдзэ кьалэныр.

А ІэнатІэм сыт щыгъуэ гукьыдэжьшхуэ хуиІэу бгъэдэтащ Риммэ. Абы и лэжьыгъэм кьыззэщІнубыдэ унэтІныгъэхэм ящыщт егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэри, медицинэри, щэнхабзэри, спортри, жылагъуэ згъуэхьныгъэхэри, социальнэ дэІыгъэныгъэри, нэгъуэщІхэри. Жэуапльныгъэ льагэ зыпылът абыхэм ящыщ дзэгъэнэри икІи Риммэ хуэзфІэкІащ ахэр куейм тэмэму щызэтригъэувэну. Щоджэным сыт щыгъуэ игъэнэхэпащ щІэблэм щІэныгъэ етныныр гъэсэныгъэ екІу хэлъхьэныр, щыгтыкІэ гугъуэ ихуа бынунагъэхэм я дзэІэпыкъунымрэ абыхэм щапІ сабийхэм защІэгъэкъуэныгъэр. Лъэпощхьэпо куэд пщІами, а Іуэхуэхэр цІыхуэхэм я сэбэп хэлъу, хабзэм тету кьызэгъэпэщыным и нэІэ тетащ а лэжьакІуэ пэрытым.

Апхуэдэу Щоджэным и цІэр епхащ «Нарт хасэ» къэфакІэ ансамблым и ехьулІэныгъэхэм, авиамодельэ спортІэужьыгъуэм куейм зыщегъэуэкьыным. Аръыдджэру удолэжьащ хабзэхъуэмэ орган

УЭРЭЗЕЙ Афлик

ГЪУАЗЭ

Поэмэ

Дуней псом щынэхъ гъагэ Эверест бгым и щыгум кавказ бзылъхугъэхэм ящыщу ягъ дыдэу дэкIа, адыгэ бзракъри дэзыха Мэз Каринэ хузотх

(КIэухыр. ПэщIэдзэр №185-м итщ).

Апхуэдэм, дадэ, напэм кьахуогъэкIур
Гъэуцун кьыт енэнкьр дэкуэхар.
Ар згъэщIэгъуакьым, дадэ, ахэм
Зэхахыбатэкьым уи псальэ дахэр…
Ди лъэпкъ Iущыгъэм и Iэужьу
Щымыгъуаз эхэхэт ди псальэжьхэм…

СакьыкIэрыхуами я махуэм гупым,
Си ешари ткIуэкIр э жьыхьэ Iэупу,
КьыслъэщIэмыхьэу зы, етIанэ гъуэгум
Сынэсыгъащ бгы лъагэм и щыгум.
Иджыри сокIуэ, си мурадым
ЛъэзгъэIэсынущ нобэ си Iэр, дадэ!
Мы Дуней щыгум зэ сыкьихьэм,
КьэслъагъужьинкIи хъунщ адыгэм я тхьэу
Зэгуэр тесахэр Iущыхьэмахуэ! -
Абыи сыщIохьэупс куэд щIауэ, Махуэ!
Адыгэм гъащIэр кьытхуигъэнэхуу,
Ди бзракьыр щыгъэхуарзэфым дуней щыгум,
ПщIэншэу скIуркьым си нобэрей гъуэгур!
ЛъэбакьуитI, иджыри зы лъэбакьуэ…
Зэхэльщ дэкIуеипIэр лъэбакьуэ зырызу,
Бакьуэ, бакьуэ, Хьэшырым и Лакьуэ,
УхуэкIуэУ щыгум ух уезыдж гъуазэм…
СольэIур, Махуэ и псэ, уемыжьэж,
Бгы щыгум нобэ дэкIыр си зыакьуэ,
Щыбжесlэфыну пIальэр мыжьжьэж -
Сыхуэфащэу сэри Хьэшыр сриIакьуэщ…
Хьэл-щэнхэр щIэблэм щызэIэпах зэманым,
Ягъэпсэуфу иджыри си лъэпкыр,
Нэхьыжьым кьыпхупгъэфащэмэ я уанэр,
Укьэзылъхуам хуэфащэу упсэу акьэ?
СыздэкIуэ бгыщхьэм
Уи саур уанэр
КьысфlощIыр тепъ у,
Кьыпэплъэу сэ схуэщIэнум…
Уэотыр псальэ,
Сихьэжькьым унэм,
Бгы щыгум тезмыгъэувауэ си лъэр.
…И гукъэкIыжкэм кьагъэхуэбжьу и лъыр,
ЗыгъэщIикъуэжьри Лалинэ,
Нэхъ жьыIэдIуэ зэрыхъужьыр и лъэр
ЗыхэщIэжу пещэж бгы дэкIыным…
Адыгэм я тхьэр зэгуэр я тIыкъпIэм
Ирахуу нэгъуэщI щIыпIэ щыIэхъуэжьым,
Адыгэ тIэкIури щихьэжьым щтапIэ,
Зэрыгъ уэгъужь, гъуэ зэхуэжьу…
ЯмыгъэкIуэду ноби я гугъапIэр,
Я хабзи дини зы псэу зэпыщIауэ
Ямыгъэгъужу яIыгъщи лъэпкъ къуэпсыр,
Кьэжэнщ иджыри я насыпым и псыр…
ЛъэбакьуитI… иджыри зы лъэбакьуэ…
СогъэщIэгъуэжьыр нэгум щIэкI нахуапIэр -
СымыпlащIэу хьзогъэщIыр дэкIуеипIэм.
Сыноблагъэ, щыгум сыхуоIэгъуэ,
Жьыбгъэм цыпхьдзэу зыкьыскъехуIэ,
Адыгэ тхьдэм щхьэщIыкIыным пшагъуэр
КьысфlощIыр кьэнэжар зы «джэдуукIэ»,
А джэдуукIэм нэсыжьыф Лалинэ,
КьыпхуегъэтIыгъуэ дадэ саур уанэр.
Жьым и къ угъ макъым енькъуэкъуу,
КьоIухыр щыгум уэредадэ:
«ЛъэбакьуитI, иджыри зы лъэбакьуэ…»
Уэращ ириджэр уэрэдыжькIэ дадэ.
ЦIыху гъащIэр дэкIуеипIэ защIащ.
Зы щыгум уикIи4, адрейм ухуэкIуэу,
Уи лъэпкъым ух уэIуэхутхьэбзащIэм,
Сыт хуэдэ Iэугъуми ухуоIэкIуэльакIуэ…

Кьыззэмыжджатэм дадэ и саур уанэр,
Сльэкlынут сэри сисыжьи сн уэн.
А уанэр гъуаззу щIэт зэпытщи си нэм,
КьэзгъэIэгъэужу си лъэпкъым и тхьдэр,
Сыдашыр щыгум и чэнджэщхэм дадэ:
«Уи лъэпкъыжь хабзэм ух уэIуэхутхьэбзащIэу
Упсэун зэрыхуейри зэгъащIэ,
Кьыумыгъэнэжу джэдуукIэ,
Нэбгъэсыфын хуейщ Iуэхур и кIэм.
Иджыри пчыжмэ зы лъэбакьуэ умышынэу,
Уг етIыосьэнуш уэрэ саур уанэм».
…Сыту тыншIыгъуэт Махуэ и куэщIыр,
Сыту Iэфыщэт дадэм и щытхъур,
Ягъ дэрэжьгъуэу и гъащIэм
ЩIнэгъари араруэ кьыщыхьурт.
ЕщIэж зэгъэрым дадэ,
И таурыхьым и пэ кьнхуэу
Тепсэлъыхьыгъат Хьэшырым аргуэру.
Пльэмэ жьыжьэу, яльагурт Iуащхьэмахуи,
И ныбжь плъыжьыфэр триубгъуэу кьырхэм.
Унэсынщ абыи, си хьыджбэ,
Уэ кьэпщIэнщ а бгым и хьыбар Iэджи,
А Iуащхьитlым я зэхуакум дэщ
Ди таурыхъ дахи,
Ди тхыдэм и дыджи.
Абы и мыл гъуджэм кьытещыж
Хьыбар гуузхэр псэм щымыгъупщэж,
Пасlэуцу э иджыри
Уеупсысыну абыхэм,
Нэхъыщхьэращи, укьэмыланджэу
Зыгъасэ гугъу ехьым уимыгъэдзыхэу.
ЩIалэIуэщ иджыри уи акьылым
Зэригъэзэхуэну зыгъэузыр си лыр –
Уэрэ а упсысэр уи мыхамэу
Зэрыщытыр кьэпщIэжьынщ гуеа-щIэхами».
Кьыдихаэу бзракьыр гуфIакIэм,
Егугъупэу здыхиухIэм щы диям,
Ильагъу кьыфIощIыр дадэ и гуфIэкIэр,
Зэхехыр щабэу кьыузэреубзэрабзэр:
«Утетыфащи гъу азэм си хьыджэбзыр,
Сольагъу уи адыгэпсэр зэрыкъабзэр.
ЦIыху кьэсыхун Алыхьым
Кьалэн гуэр нIэу щым кьытрегъэхьэ.
Уиуэ лэжьэным укьызыхэжьа лъэпкъым
Нэхъ кьалэнышхуэ зыри кьигъэщIакьым -
СощIэ, кьыщымыхъуу си псальэхэр гъущэу,
Кьыгурыlуэнщ си чэнджэщыр
Си пщащэ Iущым.
Уекьыжьинщ бзыгъэ зыкьыскъехуIэ,
Ухуэ уэжьинщ я ну зыщIэм адыгэм».
Лалинэ кьыбгъэдокIуэтри мащIэу ныпым,
Жьы кьэщэбар кьепэщэщу и напэм,
КьытелъэщIыхьу пщыхьэщхьэ пшэжIэплъыр,
Бэракъ хисам иригушхуэжу йопльыр:
«Си лъэпкъ бзракьыу мыбдеж щыхуарэзр
Согугъэр куэдым яхуэхъуну гъуаз,
Щы хьурешщхуэм щикIухьа си лъэпкъым
Зэригъэубыдыжу зыуэ и Iэпкьлъэпкыр»…
Бзракьыр мэхуарзэ
Жьы бзаджэм пэщIэту,
Блэкlам и тенджызыр
Кьыщыжу сурэту.
Мыувыlэу жьы кьугъым ерыщу хэIукI уэредадэр
И гур зэгъауэ кьреш Махуэ дадэ:
«Бгы щыгум пхьа гъуаззр хуарзэуурэ хуоблэ,
Лъэпкъыжьым иджыри иIэну и щIэблэм!»

2011 гъэ, фокIадэ мазэ.

Мэз Каринэ Хэкум къэсыжащ. Абы и сэмэгурабгъумкIэ щытщ и анэ Нинэ.

Мы тхыгъэ цIыкIуитIыр адыгэ усакIуэшхуэ Щоджэнцыкlу Алий ильэс 86-рэ и пэкIэ итхащ. Ауэ абыхэм я мыхьэнэр ноби кIуэдакъым.

Еджар мавэ, емыджар мэвэщхъу

ХЭКУМ и бын лэжьакIуэ щIалэхэ! Захуагъэмрэ гущIэгъумрэ щагъэшI еджапIэр зэIуахьжьыным и гьунэгъу хъущ. Фыкьакlуэхэ фи Iыхьэ фхьынхэу, къэмыкIуэр хон!

Нэгъабэ хуэдэу, деджэмэ, сэлэту, къэзакъыу датхынущ жыфIэу иджыри еджэным зыхэвмыгъэн! Фэ апхуэдэкIэ кьыфхуейтэмэ, фемыджакIи фыкьагъэнэгъэнымк.

Уеджэмэ, сэлэтыфI ухъуащи, утынншищ, уемыджэмэ, абы щыбгъуэр гугъу уехьынщ.

Си кьуэш гъапIэ, уеджэмэ, узыхуей псоми унэщIысынщ, уемыджэмэ, уи Iэр псоми хуэкIэщI хъунщ!

Дуней псор захуагъэкIэ дауэ иригъуэ?

Зи щIэныгъэр тэмэму иригъуэуэ щыт зыгуэрым къуаншагъэ епхыну хуежьи, зрыуигъэхынкъым, езыми кьуищIэнкъым, абы епъытауэ захуагъэ псор кьызыдыщIах едкапIэм псорн фыщIэмэ, лей кьывахьуи вдэнкъым икIи ефхынкъыми, абыкIэрэ иригъэщ псорн зэжуэдэу.

Еджар мавэ, емыджар мэвэщхъу!

ЗэфIэувэгъуей хъунукъым

НОБЭдеплъмэ, зы жылэ гуэрн къэдгъуэтынкъым и бзэр итх, иджыкIэрэ куэдрэ елэжьа нэужь, ар зэримыгъэзэхуэжкауэ, Зи бзэр бзэ мыхъуну зы жылэ закъуи бгъуэтынкъым, фIЭIуэхуу, хуэзэу игъэлажьэмэ.

Урысейр ильэс 300 и пэкIэ пщы

● Жыжьэ - гъунэгъу

цIыкIу-цIыкIуэху, щIагъуэу зэхэмыхьэу, хьэрф гъэнжуа ямыIэу зэрыщытам къыхэкIкIэ, я бзэрн эятемыхьэу зэрыхэткIар абы ешхьыуэ. Ауэ а урысхэм я тхэн, еджэнхэм я фIыгъэкIэ нэхъ цIыху Iэзэу кьахэкIэм бзэр убгъуа зэрыхъункIэ игъэлажьэуэрэ, нэхъ кьеКIур хаубыдыкIыуэрэ, мис иджы тIъагъу урысыбзэр утыкум кьихьащ.

Абы ещхь дыдэущ адрей кьэралхэм я бзэрн зэрызэфIэувар.

Ауэ щыщIыткIэ, дэ адыгэрн абыхэм дадэпIъеин хуейщ, ди бзэр убгъуа хъун папщIэкIэ, дэнэкIи щыIэ ди лъэпкъэгъуэхэми ди бзэр зыуэ зэдгъэзэжуэн хуейщ. Ди бзэм хэдгъэхъуэн папщIэкIэ, дэтхэна кьуаужьми IуэрыIуатэу кьахэна уэрэдыжь, шыпсэжь, хъуэхъухэр зэхуэхъысыжьын хуейщ, а псальэжьхэр зIудгъэщIэжьныр ди кьуэдыщ.

ЩОДЖЭНЦЫКIУ Алий.
1925 гъэ

● Псапащ Iуэху

Дунейр щIэщыгъуэ щащI

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьанымгъэхэм ядэлэжьэныкIэ и министерствэм ирегъэкIуэкI «Дэ дыдэгъуэзщ» псапащIэ акIэр. Ар хуэунэтIащ гъащIэм щытыкIэ гугъу щихуэ ныбжьыщIэхэм защIэгъэкъуэныным, ядэIэныкъуным.

НАЛШЫК дэт школ-интернат №3-м и гъэсэнхэм папщIэ апхуэдэ псапащIэ Iуэхугъуэ иджыблагъэ щекIуэкIащ «Нарт» хьэщIэщым. Ар кьызэрагъэпэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м Бильярд спортымкIэ и федерацэмрэ я IэщIагъэлIхэм. Школ-интернатым и еджаIуэ цIыкIухэм хьэщIэщым и бильярд пэшым ящ щIыкIэ щрагъэлъэгъуащ а джэгукIэм и Iэмалхэр, хэкIыпIэхэр, хабзэхэр. ИужькIэ езы ныбжьыщIэхэр бильярд стIолхэм бгъэдашащ икIи эзрагъэуащ. Джэгуныр зэфIэкIа нэужь, КъБР-м Бильярд спортымкIэ и федерацэм и президент Жанокъуэ Аслъэн и жэрдэмкIэ сабийхэм Iэнэ кьыхуащтащ.

«Нарт» хьэщIэщым зэрыщыIа зэманыр ныбжьыщIэхэм куэдрэ ягу зэрильымгъэн щэч хлъхьащ. ГъащIэр нэхъри щIэщыгъуэ ящыхьужауэ, зэрыджэгуагъэр ялтъуэмрэ тепсэлъыхьыжу сабийхэр зэбгрыкIыжащ.

Псапэ щIэну зэи кIасэжьым. Апхуэдэ мурад дахэ зыщIхэм зыпащIэ хуэунущ КъБР-м Щалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкIэ и министерствэм.

ТАМБИЙ Лиий.

● Туркым кьратхыкI

Ещанэ Iэпхъуэгъуэ

Истамбыл щыпсэу зы адыгэ лIыжь орихьэлIат зэгуэрым. И щхьэгъусэр иIэжтэкьым, езыр и бынхэм ягъэпсэуж. ЩыпсэзэуэршэрылIэм, абы се упщIащ: «Тхьэмадэ, мис иджы уи бынхэм уабгъэдэсщ, хъарзынэуи кьыщIэлъопль, ауэ, кьалэ гъащIэм дауэ ухэзэгъа?»

ЛIЫЖЬIР тэлайкIэ зыщIэгупсысыкIри, иныгъ башымкIэ и лъапэм теуэзырэ, жиащ: «Уэлей, шынэхьыщIэ, уи фIэщ хьу мэ, сэркIэ Истамбыл жыхьэнмэмэ… Си ныбжьэгъухэм сахэсыжу си кьуажжэкъ сыщыпсэужамэ, ар сыткIи нэхъ кьэсщтэнтэмэ».

Абы и ужькIэ Уэун-Яйла сыкIуэжащ адыгэ-анэхэм куэдрэ чэнджэщ ират я сабийхэр реабилитащэ центрым иратыну, ахэр абы зэрыщыIэну зэманым кьриубыдэу езыхэм лэжьыгъэ Iэнатlэ тIэ кьагъэуту я псэукIэр ирагъэфIакIуэну.

СУАНОВЭ Залинэ,
УФ-м Наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къутыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Гъуазджэ

«Къысхуащ Iа тыгъэм уасэ иIэкъым»

Поляков Александр

Iуащхьэмахуэ районым щыпсэу сурэтыщI Поляков Александр и ныбжьыр ильэс 70 иригъуащ. Ди республикэм щыщIэрыIуэ коллекционер Хаджиев Даниял.,районым щэнхабзэмкIэ и управленэр и дэIэпыкъуэгъуу, сурэтыщIым къыхуэзригъэпэщащ абы и Iэдакъэщ Iэкlэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭМ елпъыну къэкIуат Iуащхьэмахуэ районым и Iуэхущ Iапl э зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэр, «Минги Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Додуев Аскэр, нэгъуэщIхэри.

Гъэльэгъуэныгъэр къызэIуихащ район администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Афэщокъуэ Раисэ. Абы щылажьэ Iуэхущ Iапl эм къыбгъэдэкI щIыхь тхьылъыр зи махуэр зыгъэльэпIэм иритыжащ, Iуэуздэжм хуищI хэльхьэныгъэм папщIэ Александр фIыщIэ хуищIащ. «Зи Iэщ Iагъэм фIыуэ хэзыщIыкI щIэблэ бгъэсащ, уи лъагъуэм ирикIуэхэр мащIэкъым», - жиIащ Раисэ икIи и лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ щиIну ехъуэхъуащ.

Езы Поляков Александр псалъэ щратым жиIащ кьащIалъхуа махуэм ирихьэлIу къыхуащIа тыгъэм уасэ зэримыIэр, ар зи гукъэкIхэм фIыщIэ ин зэрахуищIыр. Апхуэдэуи къыхигъащIащ и лэжьыгъэ псори утыку къызэрыримыхьар, и нэхъыбэр Эстонием къызэрыщынам кьыхэкIыу. Сурэтыщым и гугъащ а къэралым Iэпхъуэгъэ, ауэ и псэм щыщ Iыхьэ хъуа Къэбэрдей-Балъкъэрыр, абы и щIыуэпс дахэр къызэрыхуэмыгъэнэнур къыгурыIуа иужь, ди республикэм къэнэжащ.

Поляков Александр и лэжьыгъэ 40-м щIигъум я гъуэгу гъэпсэгъуэныгъэм утыку къыщрахьащ Хаджиев Даниял и сурэт гъэтIылъыгъэхэр. Ар екIуэкIынущ мазищкIэ, епIпыну хуей дэтхэнэри ирагъэблагъэ.

Поляков Александр Константин и къуэр 1941 гъэм фокIадэм и 27-м Ивановэ къалэм къыщалъхуащ. 1970 гъэм Тырныауз къалэм къызIэпхъуащ.

Сурэтыщым и лэжьыгъэм увыпIэшхуэ щебыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дахагъэм, балъкъэр Iэрыпуэатэм, нарт эпосым, цIыхубз тауэрыхьэмрэ шыпсэхэмрэ, и ныбжьэгъуэхэмрэ я сурэтхэм.

Республикэ гъэлэрыгъэныгъэу 5-м, Урысейпсоуэ 3-м хэтащ. Сурэтыщым и IэдакъэщIэкIхэм ящыщ куэд Инджылызым, Германием, Швецием, Норвегием, Италием, Испанием щыпсэу цIыху щхьэхуэхэм я гъэтIылъыгъэхэм хэлъщ.

ДОГУЧАЕВЭ Ранетэ.
Iуащхьэмахуэ район.

Елпъыныгъэр къызэIуахащ. Абы къриихьэлIащ егъэджакIуэхэр, еджакIуэхэр, гъуазджэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр.

Унагъуэ гугъухэр къызэхакIухь

«Ипщэ щынапэм и сабийхэр» лэжьыгъэм ипкъ иткIэ, УФ-м Наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъум и Iуэхущ Iапl эу КъБР-м щыIэм, республикэ МВД-м, къыдэлэ администрацэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкl э и комиссэм я зэжьакIуэхэр Налшык къалэм щыпсэу унагъуэ «гугъухэм» я деж щыIащ. Iэщ IагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ унагъуэхэр зэхуэдэкъым.

ТУТНАКЪЭЩЫМ кьыкIыжа нэужь, адэм и къуитIыр зриубыдылIэжащ. «НагъуэщIу хъурэ? Ахэр си сабийщ, ситIыр ящIэтщ. Пэжщ, зэгуэр сыщыгуащ, абы щхьэкIи тезыр есIыкIащ. Иджыпсту тезыр: хьэр си сабийхэр къэIэтынырщ», - жеIэ абы. А цIыхухъур адэ тэмэму зэрыщытыр къигъэльэгъуэным, абы пыщIа и хуитныныгъэхэр зэфIигъуэвэжьым ильэс псо тригъэкIуэдащ. Пэжьыгъэ кьигъуэтащ, и псэупIэр зыхуей хуигъэзащ. ЩIалэ цIыкIу хэм зэрыхьыкIэ я зэманыр я адэм нэхъыбэрэ зэрыщрагъэкIуэкIыным яужь итщ, спорт секцэм зрагъэтхьну хуейщ. Адэмии а цIыкIуэхэр къеГъэгугъэ афIэкIа мыщхьэрыуэну, наркотик зримыхьэлIэну.

Адрей унэм щытыкIэр щынэгъуэщIщ: чэфыжьыпкъэ анэм зыкIи кьыфIэIуэхукъым полицэм и лэжьакIуэхэм и сабийр зэрыIуашр.

Комиссэм хэтхэм апхуэдэ адэ-анэхэм куэдрэ чэнджэщ ират я сабийхэр реабилитащэ центрым иратыну, ахэр абы зэрыщыIэну зэманым кьриубыдэу езыхэм лэжьыгъэ Iэнатlэ тIэ кьагъэуту я псэукIэр ирагъэфIакIуэну.

СУАНОВЭ Залинэ,
УФ-м Наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къутыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

Щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр

Урысей МВД-м иригъэкIуэкI «Полицэм и щхьэкIуэгъуэм ипкъ иткIэ, полицэм и Аруан куей къудамэмрэ Егъэджэныгъэмкl э Iуэхущ Iапl эмрэ Псынабэ къуажэ щколым спорт зэхьэзэхуэхэр щрагъэкIуэкIащ.

КЪЫЗЭГЪЭПЭЩАКIУЭХЭМ зэрыжаIэмкIэ, абы и купщIэ нэхъыщхьэр сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ нэхъ кьарууфIэ хъунырщ, гъащIэ узынщэм хуэущиныр, Iуэху мыщхьэпэхэм я пщащIэ фу егъэсэныр.

Зэпеуэхэм хэтащ 5 - 11-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщIэхэр. Я пщIэкIэ полицейхэм ирагъэлъэгъуащ Iэщэ Iыгъыкlэм зэрыхуэхьэзырыр - аэрэ псынщIэу зэпкърыльхьэныр икIи зэпкърыхьныр.

Школакlуэхэр лъакъуэрыгъажэкIэ, метри 100 гъэгуанэ кьэжьынымкIэ, кIапсэ зэпекъунымкIэ зэпеуэхэщ. Апхуэдэуи ирагъэкIуэкIащ асфальтым тращIыхь сурэт зэхьэзэхуэр, «Си полицэм сэ сехъуэ» зыфIащар.

Балигъ мыхъуахэм я Iэужуэхмкlэ кьудамэм и лэжьакIуэ полицэм и подполковникъ Черновэ Аленэ кьыхигъащащ апхуэдэ Iуэхугъуэхэр щIрагъэкIуэкIым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр сабий, ныбжьыщIэ щIэпхьаджагъэр, наркоманиемрэ фадафэмрэ, хабзэр кьыззэпауду ялэжь, апхуэдэуи езыхэм ехьэлIа хабзэншагъэхэр гъэмэщIэныр зэрырар.

Командэ зэпеуэм щытекIуащ 11-нэ классым щеджэжэр. Курыт гупым ящэ увыпIэр 6-нэ, 7-нэ классхэм щызэдагуэшащ. СурэтыщI нэхъыфIэхэри яубзыхуащ. ТекIуахэм щыхь тхьылъ эмрэ сауГъэтхэмрэ ираташ.

СОКЪУР Риммэ,
Аруан куей администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапl эм и унафэщI.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭМУхьымэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР
Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжьыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещанэ-нэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкl э - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ Iапl эхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; къызбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl эм - 42-26-41; сурэтхэым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм щыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм иэу жэуап яхь, Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынырщ и щIэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетым 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору НэщIэныджэ Замирэ, корректорхэу Пхытlыкl Юрэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Иинэ** *(1, 2-нэ нап.)*, **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ.** ***Компьютеркlэ газетым и тепльэр ящIащ*** **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** ***сурэтхэм елэжьар*** **Бицу Жаннэщ.**

Номеры "Адыгэ псальэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 8.878 ● Заказ №3449